

Sa pou Fè pou Pèt Cheve

What to Do for Hair Loss - Haitian Creole

Kèk tretman kansè fè moun pèdi kèk oswa tout cheve yo. Anjeneral, cheve a grandi ankò, epi gen kèk aksyon ou kapab fè pou sa vin mwens pwoblèm pou ou.



Kisa ki lakòz moun ki gen kansè pèdi cheve yo?

Cheve grandi toutan, avèk ansyen cheve k ap tonbe ak nouvo cheve yo k ap ranplase ansyen yo. Anpil medikaman chimyoterapi domaje cheve k ap grandi yo, sa ki lakòz yo tonbe. Kèk medikaman chimyoterapi kapab lakòz cheve yo vin mens oswa cheve yo tonbe sou po tèt la. Lòt medikaman yo lakòz cheve yo vin mens tou oswa pèt pwal nan bra ak janm, sousi oswa popye yo. Radyoterapi nan tèt kapab lakòz pèt cheve tou nan po tèt la.



Aksyon ou kapab fè pou prepare pou pèt cheve

- Mande ekip swen kansè ou si li posib pou pèdi cheve ou. Si li posib, mande doktè a si sa pral rive pi vit oswa apre yon peryòd tan.
- Pale avèk ekip swen kansè ou konsènan si yon kask refwadisman ta ka ede redui risk ou. Gen anpil rechèch ki fèt pou aprann si kask refwadisman yo travay ak si yo san danje. Kask refwadisman yo kapab gen kèk efè segondè, tankou maltèt, doulè nan po tèt, epi malèz nan kou ak zèpòl. Pale avèk ekip swen kansè ou konsènan avantaj, risk, ak efè segondè kask refwadisman.
- Asirans sante ou ka kouvri yon pati nan depans yo pou achte perik ak lòt kouvèti pou po tèt la. Si se sa, mande ekip swen kansè ou yon preskripsyon pou perik. The American Cancer Society Pwogram “tlc” Tender Loving Care® American Cancer Society ofri yon varyete perik, chapo, ak foula bon pri pou moun k ap siviv avèk tretman kansè ki lakòz yo pèdi cheve yo. Ou kapab achte atik sa yo depi ou ale sou sitwèb “tlc”™ nan tlcdirect.org oswa depi ou rele nimewo **1-800-850-944**.
- Ou ta ka chwazi pou koupe cheve ou kout oswa menm kale tèt ou anvan cheve yo kòmanse tonbe.



Lòt aksyon ou kapab fè lè ou pèdi cheve ou

- Ou ka santi demanjezon oswa sansiblite nan po tèt ou. Ale dousman lè w ap bwose oswa lave cheve ou. Itilizasyon yon peny gwo dan ka ede ou.
- Ou ka redui pèt cheve ou si ou pa bwose oswa si ou pa redi cheve ou twòp. Evite fè trèss oswa ke cheval oswa pran prekosyon ou lè w ap fè sa, evite itilize woulo, sechaj nan lè cho, oswa evite itilize bouk oswa fè plat nan cheve yo.
- Si cheve ou vin mens anpil, oswa si li tonbe nèt, asire ou pwoteje po, ki nan tèt ou kont chalè, fredri, ak solèy. Itilize yon krèm solèy ki gen espèk laj epi ki gen yon faktè pwoteksyon kont solèy (SPF) omwen 30 epi mete yon chapo. Nan tan frèt, mete yon chapo oswa foula pou kouvri tèt ou epi pou rete tyèd.
- Nouvo cheve yo kòmanse grandi, yo ka kase fasil nan kòmansman. Evite pèmanant ak senti pandan premye mwa yo. Kite cheve yo kout ak fasil pou penyen.
- Cheve yo kòmanse grandi ankò, yo ka gen yon teksti oswa yon koulè diferan. Apre yon peryòd tan, l ap posib pou cheve yo retounen nan fason yo te ye anvan tretman an.



Pale avèk ekip swen kansè ou.

Fè ekip swen kansè ou konnen si ou gen pwoblèm pou abitye avèk pèt cheve pou ou kapab resevwa èd yo.



Pou jwenn enfòmasyon ak repons sou kansè, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) cancer.org oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.